



Apwobasyon

Volontè ap peye \$25.00 pou Depatman Lapolis nan Florid tcheke istwa vi pase yo, kòb y'ap peye sou fòm money order (manda postal) oswa yon chèk sètifye e y'ap soumèt aplikasyon an nan lekòl yo pral travay kòm volontè a

Oryantasyon

Volontè yo dwe vini nan oryantasyon anvan yo koumanse sèvis volontè yo.

Etap pou Enskri

Lè w soumèt yon aplikasyon, y'ap ba w yon modpas (lese pase). Tout volontè yo dwe antre non yo nan sistèm òdinatè volontè a chak fwa yo antre vin travay e lè yo fin travay.

Idantifikasyon

Y'ap itilize Sistèm pou yo Swiv Vizite a pou verifye tout moun ki antre nan lekòl la. Yo mande pou w gen yon pyès didantite gouvènman an delivre w ki gen foto w ladann. Volontè yo resevwa yon badj jòn pèmanan pou volontè lè yo apwouve yo. Toujou mete badj idantifikasyon lekòl la ba ou a.

Konpòtman

Aparans ou nan rad w'ap mete dwe kòrèk. Ou se yon modèl pou elèv yo. Se pou w respekte, sivilize epi koperan.

Volontè Kwayans Relijye

Volontè pa dwe angaje yon an okenn konvèsasyon ak elèv oswa anseyman k'ap enfluyans kwayans relijye yo.

Telefòn Selilè

Volontè yo dwe swiv règleman Direksyon Jeneral lekòl la konsènan itilizasyon telefòn selilè nan etablisman lekòl la.

Zafè Prive Elèv la

Lè dwa prive elèv yo pa respekte, sa gen konsekans legal.

Disiplin

Disiplin se responsablite pèsonèl lekòl la. Rapòte pwoblèm ki genyen bay responsab sa yo.

Responsablite nan Sal Klas

Volontè pa dwe janm rete poukont yo avèk yon elèv oswa yon gwoup elèv.

Timoun ki pa nan Lekòl la

Volontè pa dwe mennen timoun ki pa enskri nan lekòl la avèk yo lè y'ap vin travay kòm volontè.

Absans

Elèv yo konte sou ou pou w pran responsablite w. Rele lekòl la si w pa kapab vini

Ka Dijans Elèv

Kontakte pèsonèl lekòl la lè yon elèv malad oswa si li pran chòk. Piga w deplase elèv ki pran chòk epi pigaw bay elèv medikaman.

Pwoteksyon Pou Elèv Nou yo

Si w sispèk gen timoun y'ap maltrete epi/oswa neglije, ou dwe voye enfòmasyon an bay Liy Telefòn Rapid nan Florid ki se: 1-800-962-2873. Pèsonèl lekòl la ap ede w.

Si w tande yon elèv di l'ap fè tèt li oswa lòt moun mal, ale rapòte enfòmasyon an bay pèsonèl lekòl la **imedyatman**.

Volontè lekòl ki temwen gen moun k'ap chache lòt kont, pran plezi ak moun, izolman sosyal, menas, entimidasyon, pouswit, vyolans fizik, vòl, kontak seksyèl, pèsekisyon rasyal, seksyèl oswa relijye, imilyasyon piblik, zak kraze brize sou zafè moun, yo dwe rapòte ensidan an bay otorite lekòl yo.

Pwoteje Volontè Nou yo

Lè w'ap travay ak elèv, rete sou zye ekip lekòl la. Kontak fizik ki akseptab se bay lanmen epi mete men sou zèpòl. Volontè pa dwe gen kontak poukont yo ak elèv andeyò lè travay lekòl la.

Asirans Konpansasyon pou Travayè yo

Volontè apwouve yo kalifye pou yo resevwa asirans konpansasyon travayè pandan y'ap sèvi nan lekòl la kòm volontè.

Benefis Taks pou Volontè

Ou kapab ranpli taks (enpo w) ak resi yo ba w pou frè 25 dola ou peye a, e volontè ki apwouve yo kapab benefisye \$0.14 pou chak milyaj yo fè nan machin yo lè yo pral travay kòm volontè. Konsilte konseye taks ou pou plis enfòmasyon.



Direksyon Jeneral Lekòl Depatman Polk santi 1 fyè pou patisipasyon kominote a nan lekòl nou yo. Lane dènyè, plis pase 26,000 volontè te pataje plis pase 801,000 lè sèvis nan lekòl nou yo, ki reprezante yon don plis pase 16 milyon dola.

Nan Depatman Polk la, se yon privilèj sa ye lè yo apwouve yon volontè. Kòm volontè apwouve, ou se yon modèl pou elèv yo. Nou espere ou rete nan limit règleman Direksyon Jeneral la trase, epi sèvis w'ap founi dwe nan gou lekòl w'ap bay sèvis ou a.

Volontè yo ede pèsònèl lekòl la nan ranfòse eksperyans edikatif y'ap bay elèv yo. Ou se yon pyès enpòtan nan tout jefò k'ap fèt pou bay elèv yo pen lenstriksyon. Pwofesè ak elèv yo pral konte sou ou.

Mwen swete w'ap jwenn satisfaksyon nan eksperyans ou kòm volontè. Vin tounen yon defansè pou distri nou an nan pataje eksperyans pozitif ou fè ak lòt moun epi nan ankouraje yo pou yo vin patisipe.

Sensèman,

Sherrie B. Nickell, Ed.D.
Sipèntandan

Opòtinite pou Volontè

Moun k'ap Bay Leson
Ede elèv nan lekti, matyè ekriti ak matematik.

Konseye
Ankouraje e motive elèv pou amelyore travay akademik yo.

Akonpayatè
Akonpaye elèv nan pwomnad.

Prezantatè nan sal klas
Pataje ak elèv yo eksperyans vwayaj, karyè ak tan lib.

Asistan nan sal Klas
Ede pèsònèl lekòl la nan sa yo gen pou fè.


Òganizasyon Paran
Sipòte lekòl la nan ede l ranmase lajan e nan fè pwomosyon pou li.

Sèvis Aprantisaj
Ede elèv yo bay sèvis yo nan kominote a

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk nan Florid entèdi nan pwogram li yo, sèvis li yo, aktivite oswa nan anplwaye moun pou travay, tout fòm diskriminasyon ak pèsekisyon (chache kont) ki chita sou ras, koulè, sèks, relijyon, peyi moun soti, eta sivil, laj, si w gen kote pou w rete ou non, enfimite, oswa diskriminasyon ki chita sou lòt baz lalwa entèdi. Pou w pote plent, ou ka kontakte sèvis Resous Imèn nan Biwo Ekite ak Respè prensip nan 863-534-0513.



Volontè
nan Lekòl Polk yo



Patisipasyon Kominotè
Polk County School Board
P. O. Box 391
Bartow, FL 33831
(863) 534-0636
www.polk-fl.net